



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ INSLEE AK GOUVÈNÈ NEWSOM
SOU DESIZYON ADMINISTRASYON TRUMP LAN PRAN POU L REVOKE
EGZANSYON LWA SOU LÈ PWÒP LA**

***Eta yo Pran Angajman pou yo Defann Dwa yo Genyen Daprè Lwa sou Lè Pwòp la
pou yo Pwoteje Kominote yo kont Polisyon Veyikil yo***

***Ko-Prezidan Alyans Etazini pou Klima a yo Reponn a Atak Administrasyon lan ap
fè sou Dwa Eta yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew Cuomo (NY), Jay Inslee (WA) ak Gavin Newsom (CA), ki sèvi kòm ko-prezidan inisyativ bipati [Alyans Etazini pou Klima a \(United States Climate Alliance\)](#), te pibliye deklarasyon ki annapre a pou reponn a dènye règ Administrasyon an k ap tante revoke egzansyon ki pèmèt eta yo tabli estanda degajman gaz ki pi restriktif. Jou 9 Jiyè a, manm Alyans Etazini pou Klima a yo te pibliye yon deklarasyon ki anonse yon efò pou yo travay ansanm pou sipòte yon estanda nasyonal solid pa mwayen: "[Pwomès Machin Pwòp Nasyon an \(Nation's Clean Car Promise\)](#)".

"Antanke ko-prezidan Alyans Etazini pou Klima a - ki se yon kowalisyon ki gen 25 gouvènè ki pran angajman pou yo abòde defi chanjman klimatik yo - nou fèmman opoze a anons Administrasyon an te fè jodi a k ap tante revoke dwa nou genyen depi 40 tan daprè Lwa sou Lè Pwòp la (Clean Air Act) pou n pwoteje rezidan nou yo kont polisyon veyikil yo. Sa p ap sèlman afekte California, men tou l ap afekte libète tout eta genyen pou yo chwazi fason yo pwoteje pwòp kominote yo kont polisyon danjre yo.

Mezi sa ap afebli youn nan meyè pwogram pou pwoteksyon klima ak lè pwòp nan peyi a epi se yon atak sou konsomatè yo, sou anviwònman nou an, ak sou sante nou. L ap ogmante polisyon lè a, l ap koute rezidan nou yo plis lajan nan ponp gaz yo, epi l ap limite kapasite eta ki nan Alyans lan yo pou yo satisfè pwòp sib rediksyon degajman gaz yo epi jennen mezi enpòtan yo vle pran sou klima.

N ap kontinye defann dwa nou, epi nou mande eta ki pa nan Alyans lan yo, fabrikan machin yo, kominote sektè sante a, ak lòt sektè yo pou yo travay avèk nou pou n pwomouvwa avantaj ekonomik, anviwònmantal, ak sante piblik machin pwòp yo genyen".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)